



Uwo uri wese ubahirizwa


LIGUE BURUNDAISE DES DROITS DE L'HOMME " ITEKA "

BULLETIN HEBDOMADAIRE

"Iteka n'Ijambo"

N°535 co kuva kuwa 13 gushika kuwa 19 Mukakaro 2026

Ryemejwe n'itegeka nshikiranganji numero 530/0273 yo kuwa 10 Munyonyo 1994, risubiramwo itegeko n°550/029 ryo kuwa 6 Ruhuhuma 1991



Mukwibuka umupfasoni Mariya Korodeta Kwizera, umunyabigega w'ishirahamwe Iteka , yabuzwe irengero kuwa 10 Kigarama 2015. Kuva Kigarama 2015 gushika kuwa 19 Mukakaro 2026, abantu bashika 876 babuzwe irengero niba ishishirahamwe Iteka ryamenyeshejwe, ni imiburiburi 87 barasubiye kuboneka abandi 789 ntibigeze basubira kuboneka. Umugwi w'igikorwa c'ishirahamwe ry'ibihugu vyunze ubumwe ku kuburwa irengero waramaze kumenyesha Reta y'uBurundi n'imiburiburi abashika 252 babuzwe irengero¹.

Umuhari ITEKA :


- ♦ « Ni umunywany w'ishirahamwe mpuzabihugu ryo muri Afirika vyegwa n'agateka ka zina muntu, ni umunywany akorana n'urunani mpuzamakungu rw'amashirahamwe aharanira agateka ka zina muntu (FIDH),
- ♦ Rifise akaranga ko kwihweza imbere y'umurwi wa Afirika uharanira agateka ka zina muntu kuri numero ivyerekanwa OBS.236 kandi ni umunywany wa ECOSOC ».
- ♦ Umuhari teka ugizwe n'inani mpuzamashirahamwe 17 hamwe n'ibisata 32 .

IBIRIMWO

0.INTANGAMARARA.....	5
I.UMWIHWEZO.....	5
II.UBURENGANZIRA BW'ABANTU NO MURI POLITIKE.....	10
III.UBURENGANZIRA KU MIBANO,UBUTUNZI N'IMICO KAMA.....	13
V.UGUSOZERA N'IBISABWA.....	14

IKARATA Y'INTWARO MU BURUNDI

INDINGANIZO NSHASHA Y'INTWARO KUVA KUWA 16 NTVARANTE 2023



ABUBEF : Iahirahamwe riharanira ukubaho neza kw'imiryango mu Burundi

CDS : Ikigo c'ubuvuzi

CECI : Umugwi wigenga utegura amatora muri komine

CEPI : Umugwi wigenga utegura amatora mu ntara

CNDD-FDD : *Ihuriro ry'igihugu riharanira gukingira intwari rusangi-urwego rukingira intwari rusangi*

CNL : Urunani ruharanira umwidegemvyo mu Burundi

DCE : Ubuyobozi bw'indero muri komine

DPE : Ubuyobozi bw'indero mu ntara

ECOFO : Ishure shingiro

FARDC : Igisirikare ca Repuburika iharanira demokarasi ya Kongo

FDLR : Urunani ruharanira demokarasi yo kubohoza uRwanda

M23 : Umuhari wo kuwa 23 Ntwarante

OBR : Ikigo cegeranya amakori

OPJ : Inyamiramabi

OTB : Ihinguriro ry'icayi mu Burundi

RDC : Repuburika iharanira demokarasi ya Kongo

RN : Ibarabara ry'igihugu

UPRONA : Urunani ruharanira iterambere ry'igihugu

TGI : Sentare nkuru

0. INTANGAMARARA.....	5
I. .UMWIHWEZO	5
I.1..UMWIHWEZO WA PORITIKE	5
I.2. .UMWIHWEZO W'UBUTUNGANE	6
I.3. .UMWIHWEZO W'UMUTEKANO	7
I.4.UMWIHWEZO W'IBIDUKIKIJE	9
II. UBURENGANZIRA BW'ABANTU NO MURI PORITIKE.....	10
II.1. UBURENGANZIRA KU BUZIMA	10
II.1.1. UBWICANYI BUTEGUYE.....	10
II.1.1.1.ABANTU BISHWE N'ABATAMENYEKANYE CANKE IBIZIGA VYATOWE	10
II.1.1.2. ABANTU BISHWE KUBERA IHORIHORI	11
II.2. UKUDAKUBAGURWA KU RUKOBA.....	11
II.2.1. UGUSHURASHUZA.....	11
II.2.2. AYANDI MABI AFATIYE KU GITSINA	12
II.3. UBURENGANZIRA W'UMWIDEGEMVYO	13
II.3.1. IHAGARIKWA RICIYE KUBIRI N'AMATEGEKO	13
III. UBURENGANZIRA BW'IMIBANO-UBUTUNZI N'IMICO KAMA	13
III.1.IHUNGABANA RY'UBUTUNZI.....	13
IV. UGUSOZERA N'IBISABWA.....	14

Iki cegeranyo cerekana inyifato y'agateka ka zina muntu mu Burundi mu ndwi yo ku wa 13-19 Mukakaro 2026. Muri iki cegeranyo, umuhari Iteka kirihweza kandi nk' ivya politike, ubutungane, umutekano n' ibidukikije. Kiranasuzuma kandi ibintu biserura amabi abubuza uburenganzira bw'abantu no muri politike, hamwe n' uburenganzira ku butunzi, imibano, n'imico kama.

Ihonyangwa ry'agateka ka zina muntu ryabonetse kandi ryatohojwe n'umuhari Iteka ameze ugukwirikira muri kino kiringo: n'imiburuburi abantu 7 bishwe harimwo 2 batowe ibiziga, 2 biyahuye, 8 bahitanywe n'isanganya mugihe c'igikorane ca Kanguka. Mubantu bishwe, harimwo umwana yapfuye mu bintu bikirimwo agapfungu vyotuma bibaza ko yishwe. Abantu 6 bakorewe amabi afatiye ku gitsina harimwo 4 bashurashujwe bagizwe n'abana 3 hamwe n'umugore akuze. Vyongeye umuntu 1 yarahagaritswe biciye kubiri n'amategeko.

Imbonerakure z'umugambwe uri ku butegetsi CNDD-FDD, abaporisi hamwe n'abatware niba bagirizwa kuba kw' isonga ry' abahonyanga agateka ka zina muntu.

I. UMWIHWEZO

I.1. UMWIHWEZO WA PORITIKE

Ukuburabuza inama y'umugambwe UPRONA muri komine Muyinga mu ntara ya Buhumuza.

Kuwa 11 Mukakaro 2026, ku mutumba Muyinga muri Zone na komine Muyinga y'intara nshasha ya Buhumuza, hari hategekaniywe inama y'umugwi urongoye umugambwe UPRONA ku rwego rwa komine Muyinga.

Kubwo amasoko dukurayo, umukuru w' umugambwe UPRONA umwubahwa Olivier NKURUNZIZA yari yihishikiye kugira asabikanye ijamba n'abanywanyi b' uwo mugambwe muri komine Muyinga. Ariko, ntibashoboye gukora iyo nama nk'uko vyari bitegekaniywe. Kubwo ayo masoko nyene, mugihe bagira batangure inama yabo mu ngoro y'umugambwe UPRONA umukuru wa zone Muyinga umushingantahe NDAYAVUGWA Abdoul Karim

yararungitse umugwi w' Imbonerakure ziri kumwe na komiseri w'inyamiramabi muri komine Muyinga kugira bababurabuze. Babategeretse guhagarika inama no gusohoka. Ni gutyo umukuru w'umugambwe UPRONA yaciye asubira i Bujumbura ata nsiguro n'imwe. Twokwibutsa ko mundwi yahera iyindi nama y'umugwi urongoye umugambwe UPRONA muri komine Cankuzo nayo nyene yari yaburabujwe kandi ivyo vyashitse inyuma y'aho umugwi urongoye umugambwe wari waramenyeshesheje ko batazojya mu matora y' umukuru w'igihugu yo muri Rusama 2027 kumvo z'ubunenge.

Intahe y'icese hamwe n'umwiherero ku kibazo c'uburongozi bw'umugambwe CNL muri sentare isubiramwo imanza.

Sentare isubiramwo imanza yaragiye mu mwiherero kuwa 16 Mukakaro 2026, urubanza ruhuza Agathon Rwasa na Nestor Girukwishaka ku vyerekeye uburongozi bw'ihuriro ry'igihugu riharanira umwiteganyaho (CNL). Iyo ngingo ikomeye y'ubutungane yerekana intambwe ikomeye mu ndyane zatevye ku ntego z'umugambwe. Ingingo ya sentare muri urwo rubanza rw'impinyanuro zikomeye ubu irarindiriwe mu misi 60, ikiringo

kirindiriwe cane n'abarorerezi ba poritike hamwe n'abanywanyi b' umugambwe. Mubisanze, sentare isubiramwo imanza y'i Bujumbura, mu Burundi, yarakoranye muri sentare y'icese igira 3 mu matati y'uburongozi hagati ya Agathon Rwasa na Nestor Girukwishaka. Ryagira 3 basasa, vyerekana

1.1. UMWIHWEZO WA PORITIKE (Ibikurikira urupapuro 5)

ko rugoye kandi urugamba rwo kuburana rukibandanya. Sentare yashashe ku mugwa mukuru w'ubutunzi, bikerekana iyindi ntambwe muri urwo rubanza rwakwirikiranywe n'ibimenyeshamakuru rurindiranywe igishika n'igihugu cose.

Kubwo amasoko yacu ava muri sentare, Agathon Rwasa yarikwirikiraniye ubwiwe urubanza, bikerekana uruhara rwiwe mu ngendo y'urubanza. Nestor Girukwishaka, urundi ruhandemu matati, yaserukiye n'umwunganizi, yashikirije ivyo yireguzaimbere y'abacamanza. Sentare yarumvirije ibishikirizwa n'impande zose uko ari zibiri yongera ibandanya umwihereho ku burongozi bw'umugambwe, yihweza n'umbwitonzi ivyemezo n'ivyiyumviro vyo murubanza vyatanzwe n'imigwi iburana yose. Ingendo y'urubanza yarakwirikiranywe neza, hisunzwe akamaro ka CNL nk'umugambwe ukomeye mu Burundi.

Urwo rubanza ruje mugihe u Burundi bwimirije amatora y'umukuru w'igihugu yo mu 2027, ategakanijwe uwo mwaka, igituma ugutorera inyishu indyane ziri hagati mu mugambwe CNL bigegwaho. Ikiva mu rubanza gishobora kugira akamaro kanini ku ruhara rwa CNL mu matora yimirije, bishoboka kandi gutuma ishusho rya poritike mu gihugu riba ryiza kandi abatavuga rumwe na Reta

bagasubira kuboneka.

Twomenyesha ko ayo matati ku burongozi bw'umugambwe CNL yatanguye muri Ntwarante 2023 n'ikoraniro ridasanzwe ry'umugambwe ryabereye i Ngozi. Ico kintu caratumye hatangura urugamba ryo kuburana ruriko ruraba ubu. Muri iryo koraniro, abaryitavye batoye Nestor Girukwishaka kw'isonga rya CNL mu kiringo c'imyaka 5, ingingo ubwonyene yiyamirijwe na Agathon Rwasa hamwe n'abamuyoboka. Inyishu zavuye muri iryo koraniro zaranemejwe n'uwahoze ari umushikiranganzi w'intwari yo hagati mu gihugu mu Burundi, Martin Niteretse. Umushikiranganzi Niteretse yaremeje ingingo zafatiwe mw'ikoraniro ry'i Ngozi, vyemeza gutyo ihinduka ry'ubuyobozi bw'umugambwe. Uko kwemezwa kw'ubushikiranganzi b'intwari yo hagati bwashize mu mategeko igisabwa ca Girukwishaka co kuja kw'isonga ry'umugambwe, hatangura inzira zo kwitura ubutungane ubu bishitse muri sentare isubiramwo imanza. Ukwemerwa n'umushikiranganzi vyerekanye ko urwo rwego rushasha rwemewe na Reta nk'umuyobozi muri iyo nama idasanzwe, bikomeza gusumba indyane.

1.2. UMWIHWEZO W'UBUTUNGANE

Umugabo yahagaritswe kubera yishe umugore wiwe muri komine Rumonge, intara ya Burunga.

Igiporisi co mu Rumonge, mu ntara ya Burunga, carafashe uwikekwako icaha yitwa Jonas Nteturuye yagirizwa kwica umugore wiwe yitwa Mukamarakiza Évelyne yishwe kuwa 7 Gitugutu 2025 ku mutumba Mutambara muri komine ya Rumonge. Kubwo umuryango w'uwishwe, uwafashije muri ubwo bwicanyi yarahagaritswe kuwa 16 Mukakaro 2026, n'igiporisi muri karatiye Gihwanya yo mu gisagara ca Rumonge.

Umuryango w'uwishwe usaba ko abo bikekwako icaha bojanwa mu butungane. Twomenyesha ko uwo yagirizwa ukwica umugore wiwe Mukamarakiza Évelyne yabonywe akongera agahagarikwa muri karatiye Ruziba yo muri komine Mugere mu ntara ya Bujumbura. Twokwibutsa ko uwo yikekwa yanize umugore wiwe kuwa 7 Gitugutu kandi gushika ubu yaba mu kinyegero muri karatiye Ruziba.

Urubanza rw'ikibiriraho mw'ibohero rikuru ry'i Gitega muri komine n'intara ya Gitega.

Umugabo yitwa Jean Paul Nduwumukama yarahanywe kuri uyu musu wa kane 16 Mukakaro 2026 na sentare nkuru ya Gitega mu rubanza rw'ikibiriraho rwabereye mw'ibohero rikuru rya Gitega n'umunyoro wo guherato hamwe n'ukuriha indishi y'akababaro y'amahera angana na 100,000,000fbu. Ni mugihe aho ku musu wa gatanu 11 Mukakaro 2026, kw'ibarabara rya 5 muri karatiye Nyamugari yo mu gisagara ca Gitega, Jean Paul Nduwumukama yicishije umupanga mukuru wiwe Jean Pierre Nduwayezu kubwo amatati y'

amatongo. Jean Paul Nduwumukama yashikirije ko yera mukwerekana ko ataruhara yagize muri ubwo bubisha. Kubwo umukuru w'intaha, hamwe atariha ihadabu rya 100,000,000fbu, Jean Paul Nduwumukama azoca ahanishwa umunyoro w'agateganyo wo gupfungwa imyaka 500 kandi azobwirizwa kuriha ayo asabwa.

1.2. UMWIHWEZO W'UBUTUNGANE (ibikurikira urupapuro 6)

Ibirego vy'abanyagihugu bitwarira uwabacinyiza biragwiriye muri zone Nkonge, komine Kayanza, intara ya Butanyerera.

Muri makomine ya Kayanza (neza na neza muri zone ya Nkonge, kera yahoze iri muri komine ya Muruta), umugabo yitwa Evariste yari umukuru wa zone, umunywany akomeye w'umugambwe CNDD-FDD, yakoratwaza umukazo, akoresha umugambwe mugutera ubwoba abanyagihugu.

Kubwo amakuru yatororokanijweho, mugihe yari akiri mu mabanga, yarerekanye ko ashaka kugura amatongo. Kuva akimenya ko umuntu ashaka kugurisha ikivi naho coba gitoya yaragura, agakarira cane cane amatongo yegereye ayagutse cane y'abagurisha.

Amaze kugura agashirishamwo utumenyetso tw'ibanze, yaca yunguruza mw'ibanga ibimenyetso kugira itongo ryiwe ribe rinini hanyuma agatangura kurima amatongo yigaruriye gutyo. Wenyene yaca ashindura impapuro z'itongo zikenewe. Kenshi na kenshi yabikora ku batutsi n'ayo mayeri, arondera kubaturubika no kubatera ubwoba kugirango bomoke akarere; n'imiburiburi nk'incuro 6 z'ivyo zaratohowe. Iyo uwo yabikoreye agerageje kwitwara kuri ako karenganyo, umukuru wa zone yerekana impapuro ziwe ziwe zitandukanye nizo yaguriyeko ku barongozi

baho.

Kubera gutinya uwo mugabo akomeye, abarongozi baruhira kumwegurira ikivi. Yasigura ayo manyanga yiwe avuga ko abatutsi bari bafise umugenzo wo kunyaga abandi none bashaka kumwiba, no mugihe yaguze itongo mu mategeko.

Uwagurishije kenshi ahereza mu gasho, yagirizwa ko yatutse umukuru wa zone kandi yagerageje kumwiba.

Nk'umurongozi wo hejuru w'umugambwe adakorwako; n'impanuro yaho y'ubuhuza yaruhira kwemeza imbibe nk'uko umukuru wa zone yazishizeho, ata no kurekera uwurenganijwe kungururiza na hamwe. Icegeranyo carakozwe cerekana ugushiraho ibimenyetso kw'itongo kandi vyemeza ko uwagurishije yari yagerageje gusubira ku gurisha ikivi camaze kugurwa n'umukuru wa zone. Uwo kubwa ico gihe yakuwe mu mabanga kubera kutagira amahugurwa. Abanyagihugu yanyaze ubu baritwara kugira bagerageze kugaruza amatongo yabo. Sentare nkuru yo mu Kayanza iriteguriye kuja muri zone ya Nkonge kugira ihamagaze abantu bose biraba yongere igire ico ikoze ku manza zabo. Ku makuru aheruka, Evariste yahoze atwara zone yarahunze.

1.3. UMWIHWEZO W'UMUTEKANO

MUGINA : uruhagarara hagati y'abanyarwanda n'abarundi ku nkegera z'uruzi Ruhwa.

Iyinga ryo kuwa 13 gushika kuwa 19 Mukakaro 2026 ryaranzwe n'uguhakwa gushiranako ku ruhagarara rwari hagati y'abarundi bo muri komine Mugina hamwe n'abanyarwanda bo mu karere ka Rusizi. Ku musi wa kabiri, igenekerezo rya 14 Mukakaro 2026 urwo ruhagarara rwaradutse ku ruzi Ruhwa rugize urubibe rw'u Burundi hamwe n'u Rwanda, muri zone Nyamakarabo, umutumba Nyamakarabo. Ayo makambi abiri yarateranye amabuye, abanyarwanda baba abambere kwishura ku karonderano k'abarundi. Vyari bijanye n'akarere bahana urubibe, indyane yaseruwe n'ibikorwa vyo gucukura inzahabu. Ivyo nyene vyarabaye ku musi wa gatanu igenekerezo rya 1717 Mukakaro muri zone Ruhororo, umutumba Miremera. Nahonyene vyari bivuye ku bikorwa vyo gucukura inzahabu. Amasoko yacu dukurayo yerekana ko amanama y'Imbonerakure yari yabaye imbere yaho kugira bagire akavuyo kotuma abasirikare b'u Rwanda bihora, ubuhinga bw'u Burundi bwo gusotora amakungu. Izo nama zunyuwe n'

ubutumwa bugamije kwanka u Rwanda bwatanzwe mundwi hagati n'abarongoye umugambwe CNDD-FDD mu ntara ya Bujumbura bishikiye mu ma zone yose y' intara ya Bujumbura.

Ako karonderano kakozwe n'abacukura ubutare bimba ibinogo mukuzimu bagana mu Rwanda. Igisirikare n'intwari ku ruhande rw'u Rwanda barasutsemwo mabisi, igisirikare c'u Burundi nacyene caravyifashemwo neza naho uburongozi bwaho bw'abarundi butahashitse. Mugihe ubwo burere bubiri bwarabwa n'urwo ruhagarara bwegereye Kiriba ifise abasirikare b'u Burundi hamwe n'inyeshamba za FDLR, abanyagihugu b'i Mugina ubwoba burabishe batinya ko uruhagarara ruba rwinshi gushika aho vyunyura umutekano hagati y'u Burundi n' u Rwanda. Abo bahaba basaba abatware b'u Burundi kugira ibiganiro n'abarongozi b'u Rwanda rubanyi kugira bakinge intambara.

1.3. UMWIHWEZO W'UMUTEKANO (Ibikurikira ku rupapuro rw' 7)

Abantu 8 bapfuye kubera isanganya ryo kugundana mu gikorane ca Kanguka i Bujumbura

Kuwa 18 Mukakaro 2026, ku kibuga ca ETS Kamenge, harabayeho ikintu kibabaje kubera igikorane c'ubutumwa ca Kanguka. Kuri uwo musu umunezero n'ibigumbagumba vyahindutse vyihuta akajagari. Mu gusohoka ku muryango mukuru, ikigwi c'abantu menshi barihuse, basunikana bongera basunurana mu ngendo idatomoye yatumye impome zizama, bishikana ku bwoba hamwe n'umubabaro. Muri ako kagari, abantu benshi barakomeretse, mugihe abandi bahezagirika mu guhema. Inkurikizi ry'iryo sanganya zaratikije. Ku bitaro Roi Khared, mu bantu bajanyweyo 6 barapfuye harimwo abagore 5 n'umugabo umwe. Abandi, bashika 4, bariko baravurwa bikomeye, abagore 2 n'abagabo 2, bese bafise

ibikomere biteye ubwoba.

Co kimwe, ibitaro vy'abasirikare biharura abagore 2, ibiziga vyabo vyaciye bijanwa mu buruhukiro, mugihe abandi bagore 5 nabo bariko bavurirwayo, bafise ibikomere bitandukanye.

Kubwo amasoko yaho mu bitaro, twomenya ko kiretse umuntu umwe ku bitaro Roi Khaled hamwe n'uwundi ku bitaro vy'abasirikare bari bafise ibikomere biboneka, abandi nta bimenyetso biboneka vy'ibikomere vyo ku rukoba bari bafise. Ivyo vyerekana ko abantu bishwe no kubura impwemu. Kuri uwo musu, agashavu kari kuri bese, kavuye ku kubura hamwe n'umubabaro w'abantu bakozweko n'ako kaga.

Abantu babiri bapfuye muri komine Tangara, intara ya Butanyerera

Abantu 2 bo muri kominene Tangara intara Butanyerera bariyahuye mu misi 4. Kuwa 13 Mukakaro 2026, ku mutumba Kamira, zone Kananira, komine Tangara, intara Butanyerera, Ndayizewe Libert, afise imyaka 44, yaratowe amanitse ku mugenzi. Abatware bavuye ku uwo muvuyi w'abana 5 yarabanye neza n'umuryango wiwe hamwe n'ababanyu biwe.

Kuwa 11 Mukakaro 2026, kuri uwo mutumba nyene

umugore afise imyaka 55, umupfakazi, umuvuyi w'abana 5 yariyahuye. Abatware bo muri komine Tangara baremeza izomfu kandi bavuye ku atamwo n'imwe izwi. Abo 2 bari babanye mu mahoro n'umuryango wabo n'ababanyu. Igiporisi kiriko gikora amatohoza kugira bamenye icatumye bapfa.

Umwana yapfuye muri komine Musinga, intara ya Buhumuza

Kuwa 18 Mukakaro 2026 igihe c'isaha 7 n'igice z'ijoro muri karatiye Kinyota agacimbiri Musinga komine Musinga intara ya Buhumuza, umwana Manariyo Adidja yarapfuye mu bintu bidasobanutse. Uwo yapfuye yari umwana wa Kamariza Claudine na Ciza Vianney ariko abo 2 barahukanye. Kamariza yarasubiye kugira ubugeni n'uwundi mugabo yitwa Ciza Patrice baba muri karatiye Kinyota. Umugore ashikiriza ko

yaryamanye n'umwana akomeye kandi ko yabonye ko umwana yapfiriye ku gitanda yikanguye. Igihe yabibona, nta kimenyetso na kimwe ku kiziga c'umwana. Ikiziga carajanywe mu buruhukiro bw'ibitaro vy'i Musinga kandi abikekwa harimwo Ciza Patrice na Kamariza Claudine barapfungiwe mu gasho k'inyamiramabi i Musingakuvyuye z'urubanza bijanye rwuguruwe.

1.3. UMWIHWWEZO W'UMUTEKANO (Ibikurikira urupapuro 8)

Umuntu yakomeretse muri komine Karuzi,intara ya Gitega

Kuwa 17 Mukakaro 2026, hafi isaha 3 z'ijoro, ku gacimbiri Vyiniro, umutumba na zone Gitaramuka, komine Karuzi, intara ya Gitega, Ntawuyamara Léopold batazira Issa, umunywanyi wa CNDD FDD, afise imyaka 40, yarakomerekejwe n'umupanga na Mpawenimana Nestor, umunywanyi wa CNDD FDD, afise imyaka 25. Kubwo isoko ryaho, Nestor yarabanye mu nduru n'umugore wiwe Evelyne amwagiriza kugira umuhabara, ko akundana cane n'uwo Issa ariko umugore yaguma ahakana ko icyo

amwagiriza ari ibinyoma. Kubwo ivyabona vyaho, Nestor yateze umutego Issa avuye mu bunywero aca amukomeretsa amutemye 3 n'umupanga mu mutwe, ku kuboko. Ababanyu barahashitse baca batwara uwakomeretse ku bitaro vy'i Buhiga hanyuma uwamutemye yarahagaritswe aca ajanwa mu gasho k'igiporisi kuri zone Gitaramuka. Umugore yarahungiyeho ahantu hataramenyekana kuko baramurondeye ku bavyeyi biwe ariko amasoko yaho avugako ko batamubonye.

1.4. UMWIHWWEZO W'IBIDUKIKIJE.

Umuriro wa Nyakanga urabangamiye amashamba cimeza y'i Vyanda hamwe n'umutumba wa Nyakabanga komine Bururi intara ya Burunga.

Abantu baba ku nkengera y'ishamba cimeza ry'ivyanda muri komine Bururi intara ya BURUNGA, bavugako umuriro wadutse kuva ku musi wa kane igenekerezo rya 16 Mukakaro 2026 muri ako karere gakingiwe, neza na neza mu gace ka Muzimu ku mutumba Karirimvya muri zone Vyanda. Ni mugihe aho abantu bajejwe gukingira iryo shamba bavugako umuriro wambere wavuzwe mundwi iheze kandi bari bawuzimije, ariko umuriro mushasha wadutse kuri uyu wa gatanu. Imigwi ijewe gutabara yarashoboye kuwuzimya naho bitoroshe gushikira ahantu hatemba, utubande n'iyindi mitego kubwo ayo masoko nyene. Uwo muriro wo mu mashamba urabangamiye ico kibira kirimwo ibikoko n'ibimerabigize itunga rinini.

Ku rundi ruhande, uwundi muriro bashoboye kuzimya ningoga wavuzwe kuri uyu wagatanu 17 Mukakaro 2026 ku mutumba Nyakabanga muri icyo zone nyene. Kubwo umukuru wa zone, uwo muriro woba wari icaduka kubera wacanywe n'abana. Vianney Dushemezimana

amenyesha iyindi muri icyo miriro ibangamiye bimwe vy'umwihariko ibikoko n'ibimera vyo mw'ishamba kama ry'ivyanda ringana na hegitari zirenga 5.000 itaramenyekana icyo iva ariko aborozi bamaze kwikekwa ko boba ariko bayituriye, kugira baronke uburagiro bw'inka zabo. Kubw'ibwe, barihenda kubera itegeko ribuzaga guturutsa riguma rikurikizwa. Uwo murongozi muntwari ahamagarira abanyagihugu kurikanura gusumba mu gutebuka kuzimya icyo hadutse umuriro. Abajejwe gukingira icyo kibira bavugako, ukuboko kwa kuboneka kw'intwari yaho ariko kuzoshobora gukinga icyo miriro kandi kugahasha abaturira.

Amasoko yanje avugako imiriro nk'icyo ivurwa Ivyanda imisi yose mucu kandi myinshi muriyo iturirwa n' Imbonerakure z'umugambwe uri ku butegetsi zizohengera imvura itasuye zikaronka amabanga yo guca icyo bita ihadabu canke vyonyene gutoya igiturire ku borozi ibitungwa vyabo bizofatirwa mu muyonga.

II.1. UBURENGANZIRA KU MAGARA

II.1.1. UBWICANYI BUTEGUYE

II.1.1.1. ABANTU BISHWE N'ABANTU BATARAMENYEKANA CANKE IBIZIGA VYATOWE.

Umugabo yishwe n'ibikomere vyawe muri komine Nyanza, intara ya Burunga

Inkuru yashikiriye umuhari Iteka ivuga ko kuwa 13 Mukakaro 2026, hakomeretse bikomeye umugabo umwidondoro wiwe utaramenyekana apfa ahejeje gutorwa n'abahita, kuwa 12 Mukakaro 2026, hafi isaha 12 zo mu gatondo, ku nkengera y'ibarabara Mabanda-Mugina, ku mutumba Bikobe, zone Gitara, muri komine Nyanza, intara ya Burunga. Ukuntu yapfuye ntibiramenyekana kandi hararindiriwe amatohoza.

Kubwo ivyabona vyinshi, uwo yapfuye yari afise ibikomere bituma bibaza ko yakubiswe. Yarava imyuna kandi yarafise n'inkovu ku bikonjo, bituma bibaza ko yoba yaraboshwe imbere yo gukubitwa.

Ivyabona bivugako kandi ko amaraso menshi yaboneka mu maso. Abantu bahashitse ubwambere bemeza ko yari

akiriko arahema igihe bamwegera. Bamubajije ico yashakaga kunywa, yasavye inzoga. Abantu baruhaye kumuzanira amata, ariko yacikanye adafashijwe. Kubwo amakuru yatororokanijweho, uwo mugabo yoba yarakubiswe bikomeye mu kandi karere mw'ijoro ryo kuwa 11-12 Mukakaro 2026 imbere yo gutabwa ngaho bamutoye. Ikiziga caratwawe mu buruhukiro bw'ibitaro Rusenyi, biri muri zone Mabanda, komine Nyanza, aho gishinguwe mukurindira amatohoza hamwe n'ugushobora kumenyekana.

Muri icyo gihe, abarongoyi mu ntwari hamwe n'abajejwe umutekano ntibagarira icyo bashikirije kuri urwo rupfu. Amatohoza ararindiriwe kugira hhamenyekane abakoze ako kabi n'ingene vyagenze.

Uwukora amakinga yishwe muri komine Makamba, intara ya Burunga

Kabura Yared, uwukora amapikipiki azwi neza n'abababura muri ako karere, yaratorowe yapfuye mu gitondo cyo kuwa 14 Mukakaro 2026 ku mutumba Mushasha, zone Kayogoro, komine Makamba, intara ya Burunga.

Kubwo amakuru yaho, uwo yapfuye yoba yicishijwe amabuye mu maso imbere yuko ikiziga ciwe basanga kiboshe ku musaraba. Abarongoyi bo ku mutumba wa Kigaza, zone Dunga, aho yavuka, bamudondora nk'umugabo ari kandi kiwe, azwi neza mu kibano.

Abantu 2 barahagaritswe kumvo z'amatohoza. Ayandi makuru yatororokanijwe, umwe muribo yari afise

ubumuga bwo mu mutwe. Abababura basaba ko amatohoza yokorwa gushika ku mpera kugira bamenye ukuntu vyagenze bongere bamenye abavyagirizwa bese.

Ubwobwacyi bwiyongereye ku rukwirikirane bw'ububisha bugize icyuma c'umutekano muke mu yahoze ari komine Kayogoro. Aya mezi aheruka, abantu benshi barahiciwe kandi ibiziga vyabo vyatowe mu ruzi Maragarazi, rugize urubibe rw'intara ya Burunga na Tanzaniya.



Uwo uri wese ubahirizwa

II.1. UBURENGANZIRA KU BUZIMA(Ibikurikira urupapuro 10)

Ikiziga catowe muri komine Muhanga, intara ya Butanyerera

Kuwa 14 Mukakaro 2026, ku mutumba Muhanga, komine Muhanga , intara ya Butanyerera hafi igihe c'isaha 10, ikiziga caratowe ku nkengera y'uruzi Ruvubu.

Akimana Belyse yagize ubugeni kuwa 11 Mukakaro 2026, kuwa 13 Mukakaro 2026, Belyse yarafashwe n'ingwara batashoboye gusigura ikiyitera. Umugabo wiwe yarahamagaye abasenga hanyuma ingwara irahera. Kuwa 14 Mukakaro 2026 hafi isaha 4, Belyse hamwe n'umugabo wiwe baragiye ku kasoko kegereye muhira iwabo kugura amakara. Mu nzira, Belyse yabariye umugabo wiwe ko asubiye imuhira gutora umufuko

ashiramwo amakara. Umugabo wiwe yararindiriye hama Belyse ntiyagaruka. Umugabo wiwe yarasubiye mu hira ababanyu bafashije umugabo wiwe kumurondera biba impfagusa. Hafi igihe c'isaha 10, Belyse bamutoye yapfuye. Ikiziga cari ku nkengera y'uruzi Ruvubu. Nta bimenyetso vyari kurukoba rwiwe vyerekana ko yatwawe n'uruzi canke ibindi bimenyetso ivarivyo vyose. Amatohoza ariko araba ariko gushika ubu ntakivugwa.

II.1.1.2. ABANTU BISHWE KUBERA IHORIHORI

Umugabo yapfuye abanje gukubagurwa muri komine Mutaho, intara ya Gitega.

Ku musi wa gatandatu 11 Mukakaro 2026, hafi igihe c'isaha 3, akaguma karadutse mu bintu bititezwe mw'ihoteri Ikirezi, iri ku mutumba Mutaho, muri komine Bugendana, mu ntara ya Gitega. Iryo sanganya ryabaye hagati ya Mpitabakana Antoine n'umugabo azwi kw'izina rya L'Homme. Kubwo isoko ryacu ribizi neza, Thierry, umuhungu wa Antoine, yaratebutse kurwanira se wiwe aca akubita l'Homme.

Inyuma y'aho, mugihe uwo yari atashe mu mutekano, yoba yarafashwe n'uwundi mu bahungu ba Antoine bita Kabebe, yari kumwe n'uwundi mugabo yitwa Biyuki, ageze ahanu yaca. Abo bagabo 2 boba barakubise cane

uwo bita l'Homme, bamusiga bamukomerekeje cane kandi arembye. Uwo munyuma yarungururijwe vyihuta mu bitaro vy'i Mutaho, aho yapfiriye bibabaje inyuma y'umutaga wo kuri uyu wa gatanu 17 Mukakaro w'uwo mwaka nyene 2026. Kubera ivyo bintu bibabaje kandi bikaze, Mpitabakana Antoine, hamwe n'umuhungu wiwe Thierry, barahagaritswe kandi ubu barapfunzwe mu gasho k'igiporisi i Mutaho. Muri icyo gihe, abandi 2 bikekwa, Kabebe na Biyuki, ubu barahunze kandi baguma baronderwa bikomeye n'abarongozi mu giporisi.

II.2. UBURENGANZIRA BWO KUDAKUBAGURWA KU RUKOBA

II. 2.1. AMABI AFATIYE KU GITSINA

II.2.1.1. UGUSHURASHUZA

Umuyabaga yashurashujwe i Rusabagi, komine Rumonge

Inkuru umuhari Iteka warose kuwa 15 Mukakaro 2026, ivuga ko kuwa 11 Mukakaro 2026, hafi igihe c'isaha 9, ku mutumba Gitaba, zone Rusabagi, komine Rumonge, intara ya Burunga, umukobwa yitwa K. J, afise imyaka 15 yashurashujwe. Ibara ryaguye mugihe yari agiye gusenya mw'ishamba aca ahura n'umugabo yitwa Habonayo Claver, afise imyaka 40, yamushurashuje

abanye kumutera ubwoba ko azomwica ahirahiriye hakagira icyo avugaga. N'aho biri uko, yarabwiye abavyeyi biwe ivyabaye baca bamutwara ku kigo c'ubuvuzi Muyange kugira avurwe. Kubwo uwakoze icaha, yarahagaritswe aca ajanwa mu gasho ka zone hama muri komisariya ya komine Rumonge.

II.2. UBURENGANZIRA BWO KUDAKUBAGURWA KU RUKOBA NO KU MUTIMA (Ibikurikira urupapuro 11)

Umwana yashurashujwe muri komine Rumonge, intara ya Burunga

Inkuru yashikiriye umuhari Iteka kuwa 13 Mukakaro 2026 ivuga ko umwana wo ku mutumba Mutambara, zone Gatete, komine Rumonge, intara Burunga yarashurashujwe. Ivyo vyabaye ku mugoroba wo kuwa 3 Mukakaro 2026 hafi igihe c'isaha 12, abavyeyi babonye umwana wabo atari muhira baca batangura kurondera mu kibano. Abahita munyuma baciye babatera akamo

bamaze kwumva amaborogo y'agahinda ava mu muserege uri ku mutumba Gatete. Uwo yakorewe icaha yaratorwe aca ajanwa ku bitaro mu Rumonge kugira avurwe. Uwikekwa ko ayo mabwa ntaramenyekana. Kubwo abavyeyi b'umwana, yoba yarahunze agiheza kubikora.

Umwana yashurashujwe muri komine Rumonge, intara ya Burunga

Inkuru yashikiriye umuhari Iteka kuwa 13 Mukakaro 2026 ivuga ko kuwa 10 Mukakaro 2026, umwana wo ku mutumba Nkayamba, mu gisagara ca Rumonge, azwi kw'izina rya M. ch, afise imyaka 14, yarashurashujwe. Uwikekwako icaha yitwa Emile Ndayisenga yaramenyekanye ku bufasha bw'abapori-

si, arahagarikwa aca arashirwa mu gasho k'igiporisi mu Rumonge. Umwana yaravuriwe mu kigo ABUBEF kiri ku mugwa mukuru wa komine Rumonge.

Umugore yakubaguwe mw'ijoro mu Kigwena, komine Rumonge, intara ya Burunga

Inkuru yashikiriye umuhari kuwa 13 Mukakaro 2026 ivuga ko umugore afise imyaka 38 azwi kw'izina rya Nd. E yashurashurijwe ku mutumba Cabana, zone Kigwena, komine Rumonge, intara ya Burunga. Kubwo abarongozi baho, abagabo 2 boba binjiye kunguvu ku muhana iwe mw'ijoro ryo kuwa 9 Ruheshi 2026, bikika mu kiza kubera umugabo wiwe atahari. Uwagize ivyago yaraboroze kugira atabaze. Ababanyi barahashitse kandi umwe mu bikekwako icaha yitwa Adrien

Ndikuriyo yarahagaritswe n'igiporisi imbere yo kujanwa mu gasho ko mu Rumonge. Uwikekwa wa kabiri yarashoboye guhunga, kubwo ayo masoko nyene.

II.2.2. AMABI AFATIYE KU GITSINA

Umugore yakubiswe n'umugabo wiwe muri komine Kiganda mu ntara ya Gitega.

Kuwa 11 Mukakaro 2026, ku mutumba Nkonyovu, muri zone ya Rutegama, muri komine Kiganda, amatati y'imiryango yaradutse kandi umugore yarakubiswe cane. Hatungimana Valérie, umugore afise imyaka 33, afise umugabo yitwa Ntungwanayo Ezechiel, afise imyaka 39, yarakubiswe. Uwo mugabo, Ntungwanayo, yari yarataye umuryango kuva mukwezi kwa Nyakanga mu mwaka wa 2025. Mubisanzwe yavuye muhira kugira aje ku muhabara aba muri komine Bubanza. Hari yaciye amezi arenga 7 atabonetse muhira, yasize umugore wiwe n'abana mu bukene buzura inzara. Igihe Ntungwanayo yaruhira kugaruka kuwa 11 Mukakaro hahise, yarakubise umugore biteye ubwoba aca aramwirukana

muhira, bitera gutyo agahinda abana, bafise imyaka uko bakwirikirana 5 na 2. Ku musu wambere 13 Mukakaro, uwakubiswe, akibabaye, yafashe ingingo yo kwitwara mu giporisi. Ariko rero uwakoze ako kabi, yari yamaze guhunga kandi ntiyaboneka. Kubera ako kabi kabise, umugore yaruhiye gusubira mu muryango w'amaraso mu kurindira ko amenya iyo ivyo bintu bigoye bizohereza.

II.2.1.2. AYANDI MABI AFATIYE KU GITSINA (Ibikurikira urupapuro12)

Umugore yakubiswe akongera akomorwa muri komine Rutana, intara ta Burunga

Kuwa 16 Mukakaro 2026, muri karatiye Karindo, zone na komine Rutana, intara ya Burunga, Lydia Nizigiyimana yarakubiswe yongera aromorwa n'umugabo wiwe, Parfait Urakoze amwagiriza kugira imigendera-bire n'abandi bahuza ibitsina. Kubwo amakuru dukura

Parfait yigana ko kuri uyo musu Lydia yatashe hafi igihe c'isaha 3 z'ijoro, arikumwe n'umugabo atamenye, ubu Lydia aba muhira iwabo

II.3. UBURENGANZIRA KU MWIDEGEMVYO

II.3.1. UGUHAHARIKWA BICIYE KUBIRI N'AMATEGEKO

Umusore aba mu Kinama yahagaritswe muri komine Ntahangwa yo mu ntara ya Bujumbura.

Umusore azwi kw'izina rya NIBIRANTIJE Trésor, yavutse kuwa 14 Ndamukiza 2001, umuhungu wa BIGIRIMANA Seth Prosper na NDACAYISABA Joselyne, baba muri zone Kinama, komine Ntahangwa, intara ya Bujumbura, yoba yarahagaritswe n'abaporisi mu buryo butemewe n'amategeko kuwa 17 Mukakaro 2026.

Kubwo amakuru dufise, uwo musore ni umunywany

w'umugambwe CNL utwagwa na

Agathon Rwasa. Yagiye muri sentare kwumviriza intahe y'icese y'ivya CNL. Yari yambaye agapira T-shirt kuwo mugambwe.

Igihe yavayo, yoba yarafashwe n'abaporisi kumvo z'uko yambaye ako ga T-shirt. Kuva uwo musu, umuryango wiwe hamwe n'abamwegereye ntibazi iyo ari, kandi iyo apfunguwe haguma hatamenyekana.

III. UBURENGANZIRA BWIMIBANO-UBUTUNZI N'IMICO KAMA

III.1. IHUNGABANA RYUBUTUNZI

Ku mugoroba wo kumusi w'Imana 19 Mukakaro 2026, muri komine Bukinanyana, y'intara ya Bujumbura, igihe umuriro watikiza utuzu tw'ubudandarizo turi inyuma y'isoko rya Buganda. Bitangaje, isoko nkuru ntiyashikiriye n'imbeza. N'aho atawahasize ubuzima, ibintu vyahononekariye ntibigira uko bingana. Abantu bahagereye barashwababwutse kuzimya umuriro. Barashoboye kuwutuzza aha kanyo ihashitse igwanya umuriro, igikoreshe kitabaho muri ako karere. Musitanteri wa komine Bukinanyana, Isaac Niyokwizera, arababazwa n'uruhombo rwahabereye. Ahamagarira abadandaza bo mu'isoko rya Gasenyi kwubaka utuzu twabo bakoresheje ibikoreshe bikomeye cane birinda umuriro, kurwanya ibintu vyose bishobora gukwaga umuriro, gusigaza amayira yo gushika mu'isoko kugira boroshe ubutabazi bongere bashire ibidandazwa vyabo mu mashirahamwe akinga impanuka. Amatohoza yotegerejwe gufasha gutora ivyateye uwo muriro. Abadandaza, mu kangaratete kubera ico caduka, barashikiriye umwiheburo bafise. Nkuko vyiganwa n'uwo vyakozeko, « Niho twazigaga uburaro n'uburamuko » kandi mu'ijoro rimwe gusa, imiryango yabonye ibikoreshe vyayo vy'akazi vyatokombeye, bibashikana mu bukene bukabije.

Uwo muriro ushira ahabona ikibazo nkoramutima c'uburenganzira bw'ubutunzi n'imibano mu Burundi. Bibaye hacye imisi 10 gusa habaye uwungu muriro mu'isoko rikuru ry'i INgozi, wadutse mu'ijoro

ryo kuwa 9-10 Mukakaro, bishikana ku ncuro 6 igitigiri c'ivyo vyaduka nk'ivyo ku masoko mu mezi 7, kubwo amasoko yaho. Uburenganzira ku gikorwa, naho buri mu masezerano mpuzamakungu araba uburenganzira bw'ubutunzi, imibano n'imico kama yashizweko umukono n'uBurundi, aguma kenshi ari uruhendo ku badandaza ibihumbi n'ibihumbagiza,

Mu bisanzwe, ukutagira ubwishingizi hamwe n'ubuhinga bwo gushumbusha bihindura ubwo burenganzira mu imvugo isanzwe. Amashirahamwe adaharanira inyungu za poritike aratera ivyatsi kuva kera iryo bura ry'uburyo, haba kubura abishingizi ku buhinga, igitigiri kidakwiye c'amakamyo arwanya umuriro canke uguhimiriza bidakwiye. Akarorero k'isoko rikuru ry'i Bujumbura, gushika ubu ryatabagaye imyaka 13 inyuma y'umuriro kandi haharurwa abahaburiye bababa 5000, ryagumye mu mitwe y'abantu.

I Ngozi, buramatari yaremete ukurinagura vyihuta, ariko kuvyerekeye i Buganda, abarongoye bo mu Cibitoke baracarindiriyeko hamenyekanishwa ivyahahombeye bikakaba ku mugaragaro. Ibibazo vyihuta, uwo muriro uzana intabanyu ku nzego: ni ngombwa ko abadandaza baronswa ikibanza bakoreramwo cizewe kandi kibikwiye. Ata poritike yo gukinga canke yo gusanura, igihe cose umuriro wadutse

III.1. IHUNGABANA RY'UBUTUNZI (Ibikurikira urupapuro 13)

ufuta imyaka y'urugamba ukongera
ugashikana abanyagihugu mu gaheza k'
ubukene bari basanzwemwo.

IV. UGUSOZERA N'IBIRIMWO

Umuhari Iteka uranegura wivuye inyuma itituka ry'agateka ka zina muntu ribandanya kwibonekeza mu Burundi kandi uriyamiriza kudahana abakoze amabi. Uhamagarira abatwara Uburundi gufata ingingo zose zishoboka kandi usaba ibi bikurikira:

Kuri Reta y'Uburundi :

1. Gukora amatohoza y'ubutungane ku mugaragaro intambwe kuyindi iyo hatowe ikiziga;
2. Guha uburenganzira imiryango yabuze bwo kwitura ubutungane hamwe no kuronswa ivyegeranyo vy'igipimo kiraba icatumye uwabo apfa, imbere yo gushingura uwabo;
3. Gufata ingingo zo gusezerera ukudahana amabi hamwe no guhasha abagirwa n'ihonyangwa ry'agateka ka zina muntu bakishura ivyaha vyabo;
4. Guthoza hamwe n'uguhana bimwe bikomeye amabi akorerwa abana yabaye ndanse mu Burundi abatware hamwe n'abandi banywanyi b'umugambwe uri ku butegetsi barorera.



Uwo uri wese ubahirizwa